

TARIRO YANHASI
CHITSAUKO 34
MAVAMBO MATSVA

Zvimwe zviitiko zvakaipa zvinoitika kwatiri zvotimanikidza kuti titangise patsva. Kunogona kunge kuri kudengenyeka kwenyika kana mazimvura aye akawandisa anenge aine mazimhepo anopfura nemunyika medu (cyclone). Pamwe inenge iri nzara yekuti panenge pasina zvekudya. Pamwe inenge iri hurumende inenge yashanduka zvobva zvaita kuti zvinhu zvese zvishandurwe. Pamwe inenge iri hondo. Ini ndinoziva kuti pakapera hondo yechipiri yepasi rino rese vanhu vazhinji vakamanikidzwa kutiza nekunotanga hupenyu hutsva kusanganisira vandinotozivawo.

Matorero atinoita mavambo matsva aya anokosha. Tinoda hushinga kuti tikwanise kutarisana nematambudziko anounzwa nemavambo matsva. Handizivi hangu kuti iwe uri. Handitozivi kuti chii chawakatarisana nacho. Ndinoda kukuunzira hushingi hunoita kuti ukwanise kutarisana nemavambo matsva. Ndava kuenda iye zvino mushoko RaMwari Dzvene munova ndimo munofanira kubva hushingi kuti ukwanise kutarisana nemavambo matsva. Ndimu munofanira kubva hushingi hwedu nesimba redu. Noa akatarisana NEMAVAMBO MATSVA akanyorwa muna Genesi 8:13-19. Ngativerengei ndima idzi;

13. Pazuva rokutanga romwedzi wokutanga wegore ramazana matanhatu nerimwe aNoa mvura yakanga yapwa panyika. Ipapo Noa akabvisa

chifukidziro cheAreka akaona kuti pamusoro penyika pakanga paoma. 14. Pazuva ramakumi maviri namanomwe romwedzi wechipiri nyika yakanga yaoma kwazvo. 15. Ipapo Mwari akati kuna Noa 16. “Budai muareka, iwe nomukadzi wako navanakomana vako navakadzi vavo. 17. Budisai mhando dzose dzezvisikwa zvipenyu zvaunazvo, shiri mhuka nezvisikwa zvose zvinokambaira panyika kuitira kuti zvibereke uye zvive zvizhinji pamusoro payo.” 18. Saka Noa akabuda, pamwe chete navanakomana vake nomukadzi wake uye navakadzi navanakomana vake. 19. Mhuka dzose nezvisikwa zvose zvinokambaira panyika neshiri dzose, zvinhu zvose zvinofamba panyika zvakabuda muareka, rudzi ruchitevera rumwe.

Ndinofunga kuti ndima idzi dzinotipa HWARO hwehushingi hwatinogona kushandisa patinenge tatarisana nemavambo matsva. Hwaro **hwekutanga** hunodiwa ndehwekunyatsotora nguva yako uchigadzirira. Chinhu chekutanga ndechekuti Noa akabvisa chifukidziro cheareka. Noa akange avaka areka kuti azvichengetedze iye nemhuri yake. Vakange vachengetedzwa mungarava iyi kwegore rese. Noa akange atarisa kuti aone kuti kunze kwakange kwakamira sei nekutumira vatumwa veshiri. Akatuma gunguo nenjiva. Akazoona kuti mvura yakange yapwa. Akazviziva nechikonzero chekuti njiva haina kuzodzoka zve kwaari. Nguva yakange yakwana yekuti agadzirire zvekare. Saka akabvisa chifukidziro cheAreka.

Saka Noa akasarudza kumirira kusvika nguva yakakodzera. Zvinoita sekunge moyo murefu hausi chinhu chinowanikwa muvanhu vese vese.

Tinokurumidza kutsamwa pasina kana nguva. Mushure mekugara pamusoro pemvura kwemwedzi ine gumi. Noa anofanira kunge anga agadzirira kubuda muareka. Asi akamirira. Akamira kusvika nguva chaiyo chaiyo yakakodzera. Noa akamira imwe mwedzi inosvika mitatu. Kuda kwedu kuti zvinhu zvitoitika kunogona kukanganisa ramangwana redu. Tinofanira kutora nguva yedu kuti titarisane nemavambo matsva takanyatsogadzirira sezvakaitwa naNoa. Humwe hwaro hunonyanyisa kukosha ndehwekuita chaizvo chaizvo zvaunenge wanzi uite. Mwari vakati kuna Noa, “Budai” Iri ndiro raiva shoko raMwari. Chokwadi izvi zvinoratidza kuti Mwari vakange vaina Noa muareka.

Pavakapinda muareka Mwari vakange vati, “Pindai muareka.” Zvino apa ave kuti, “Budai muareka”. Pavakapinda muareka, Mwari ndivo vakapfiga musuwo. Nechikonzero chekuti Mwari ndivo vakavhara musuwo, Noa aiziva kuti haafanira kufamba kana kubuda kusvikira Mwari vati “Budai” Zvino shoko rakauya. Yakange yave nguva yekubuda kubva muareka nekuti Mwari vakati, “Budai.”

Panewo basa rakauya kuna Noa nekuda kwekuti zvaakaudzwa zvaive pachena. Mwari vakati, “Budisai mhando dzose dzezvisikwa zvipenyu zvaunazvo.” Pakapinda mhuka idzi neshiri idzi nezvinokambaira izvi muareka Mwari vakange vati, “Utore mhando dzemhuka dzose dzakanaka nomwe nomwe mukono nehadzi yayo uye mbiri mbiri pamhando dzose dzemhuka dzisina kunaka, mukono nehadzi yayo, uyewo nomwe nomwe pamhando dzose dzeshiri, mukono nehadzi kuti uraramise marudzi azvo

akasiyana siyana munyika yose. “Bhaibheri rinoti padzikapinda muareka. Mwari haana kuti “Dzipinzei.” Asi kuti dzakangopinda. Asi iye zvino Noa ave kufanira kudzubudisa muareka. Ini ndinombofungidzira kuti kubudiswa kwemhuka idzi kwakange kwakamira sei. Areka yaive imba ine miturikidzwa mitatu! Areka yakange yakareba sedzimba nhatu dzakagara imwe pamusoro peimwe. Areka yakange yakagara pakaoma asi pari pamusoro pegomo reArarati. Kubva mumuturikidzwa umwe neumwe makabuda mhando nemhando dzemhuka. Mhuka hombe nediki. Dzimwe dzepakati nepakati. Pakabuda shiri nemhuka dzine makumbo mana. Zvinokambairawo zvakabuda. Yakava nguva yekuburitsa zvinhu muareka. Mwari vakati, “Budisai mhando dzese dzezvisikwa zvaunazvo.” Noa akaenderera mberi nekuita zvaakange anzi naMwari aite.

Pane chikonzero chinokosha chazvikaitirwa. Mwari vakati, “kuitira kuti zvibereke uye zvive zvizhinji pamusoro penyika.” Zvakange zvave kukosha kuti mhando dzese dzemhuka dziwanzwe panyika. Mwari vakange vadzirongera kuti dzichengetedzwe muareka kuitira kuti kana mvura yapera dzigoberekana nekuwanda. Chinangwa chaMwari chakanyatsokutaurwa nemazvo. Mumavambo edu matsva hatifaniri kushaya hanya nezvakarairwa pachena naMwari kuti tiite. Mwari vakati “Budai.” Ndokuti, “Budisai, budisai” kuitira kuti mhuka nezvipenyu zvese zvichiberekana nekuwanda. Pane zvakanyatsotaurwa kuti vaite nemazvo pamavambo matsva aya.

Humwe hwaro hwaikodzera kuvapo ndehwe kubatana zvakazara nekushandira pamwe chete. Ini ndinonzwa kukurudzirwa pandinoverenga

Bhaibheri ndichiona kuti vanhu vaMwari vemunguva dzakapfuura vaiita sei neshoko ravainge vapihwa naMwari. Pano pane mashoko matatu akakosha. Anoti, “Saka Noa akabuda” Asi panoenderera mberi zvichinzi mukadzi wake wake nevanakomana vake vakabuda naye. Iyi ndiyo yaive mhuri yake yese. Nechikonzero chokuti mhuri iyi yakaita zvavakange vanzi naMwari vaite, Mwari akavachengetedza panguva yemafashamo emvura. Saka isu tinozotarisa kuti Mwari pavakati, “Budai muareka” ivo vaizobuda. Zvechokwadi vakabuda. Vakachengetedzwa neruoko rwaMwari rwenyasha.

Pamusoro pazvo mhuka dzese neshiri dzese nezvinokambaira zvese zvakabuda muAreka. Mhuka dzose dzakapinda muareka dzakabuda muareka. Dzakabuda nemhuri dzadzo. Hapana dzaikamhina. Aya mafungiro anguwo. Paive nemushandira pamwe wakazara.

Kana watarisana nemavambo matsva unofanira kudzidza chimwe chinhu kubva kuna Noa. Noa akanyatsokugadzirira zvaaiifanira kuita. Akagamuchira chaizvo chaizvo zvaaiifanira kuita. Ndokubva vaita vachiita mushandira pamwe wakazara.

Ini ndinotenda kuti iwe neni tinogona kutarisana nemavambo edu matsva kana tikadzidza zvidzidzo izvi kubva kuna Noa. Ngatizviisei pasi sehwaro hunofanira kutishingisa kuti tive nechokwadi nekugutsikana kuti tinobudirira. Kugadzirira ikoko nemazvo nekutevera chaizvo zvaakange anzi aite zvichisanganisa mushandira pamwe wakazara. Ini ndine chokwadi chekuti

Mwari vanokwanisa uye vachatoita kuti tibudirire kan atikavimba navo
zvakazara sezvakaitwa naNoa.